

LKWB

(Lembar Kerja Warga Belajar)

Jeneng:

Kelas:

A. Pindhah lan pasangke jawaban ing ngisor iki kanthi trep!

Srikandhi	Janaka	Bima
Yudhistira	Kresna	Resi Bisma



B. Wacanana teks Srikandhi Madeg Senapati ing ngisor iki

Ana ing pesangrahan pinggire Kurusetra dianakake pasewakan kulawarga Pandhawa kanggo ngrembug terusane perang gedhe Baratayuda. Ingkang rawuh ing pasewakan kuwi mau Prabu Kresna, Prabu Matsupati, para Pandhawa, lan Dewi Wara Srikandhi. Underaning rembug yaiku sapa sing arep didadekake senapati. Prabu Matsupati isih ngungun amarga putrane telu wis padha gugur ana ing Tegal Kurusetra, papane perang Baratayuda. Raden Utara lan Raden Wratsangka gugur luwih dhisik, banjur kasusul putrane sing nomer siji yaiku Resi Seta.

Wektu kuwi sing dadi senapatine Kurawa yaiku Resi Bisma. Kamangka Resi Bisma kuwi kekuwatan lan kadikdayane gedhe banget Akeh wadya bala Pandhawa sing padha kasoran yuda nalika Resi Bisma tumandang.

"Banjur sapa sing bisa ngalahake Resi Bisma?" pitakone Prabu Matsupati.

"Hmmm kepriye Kresna, Kakangku!" Werkudara nggereng sajak ora sabar.

Prabu Kresna mung meneng. Priyayi waskitha kuwi kaya ngeling-eling lelakon jaman sing wis kepungkur. Prabu Kresna kelingan menawa Resi Bisma kuwi nalika isih nom-nome biyen jenenge Dewabrata.

Nalika samana ana kedadeyan sing ora dinyana-nyana. Dewabrata ngagar-agari Dewi Amba sing kepengin banget nyuwita marang Dewabrata nganggo jemparing. Karepe Dewabrata wektu kuwi mung kanggo meden-medeni supaya Dewi Amba gelem lunga. Nanging jemparing mau mrucut banjur nrajang bablas lan nancep ing dhadhane Dewi Amba. Sanalika Dewi Amba mati. Nanging sukmane Dewi Amba duwe pangajab bakal males pati marang Dewabrata.

Nalika kelingan kuwi mau, Prabu Kresna banjur ngendika, "Yayi Srikandhi, majua dadi senapatine Pandhawa, Yayi!"

"Nuwun sewu Kaka Prabu, menapa boten dipun guyu dening Kurawa dene senapatine Pandhawa jejere wanita, kamangka para Pandhawa taksih wetah gagah prakosa," ature Srikandhi.

Ora, Yayi! Majua aja wedi kangelan!" Prabu Kresna wangsulan teges.

Dewi Wara Srikandhi banjur diampili gamane sang garwa yaiku panah Pasopati. Dewi Wara Srikandhi kairing prajurit wanita banjur budhai nglurug ana ing Tegal Kurusetra. Panahe prajurit maewu-ewu dilepasake tumuju marang Resi Bisma sing wis ngadhang ana ing palagan. Nanging ora ana siji-sijia panah sing bisa tumancep ing awake Resi Bisma.

Srikandhi ora gigrig. Senapati wanita kuwi mau tetep maju dikantheni prajurit ana ing mburi lan sakiwa tengene. Bareng wis ana ing sangarepe Resi Bisma, Dewi Wara Srikandhi katungka sukmane Dewi Amba. Sanalika Resi Bisma luluh atine.

Wara Srikandhi nyembah marang Resi Bisma, banjur rikat menthang gendewa Pasopati. Panah dilepasake tumancep ana ing pulung atine Resi Bisma. Sanalika Sang Resi tiba ngrengkang. Resi Bisma megap-megap ana lemah. Kurawa lan Pandhawa padha ngrubung Resi Bisma. Resi Bisma karo swara pedhot-pedhot njaluk bantal. Prabu Duryudana pinangka tetuane

Kurawa age-age menehake bantal sing empuk lan endah. Nanging Resi Bisma ora kersa. Prabu Kresna tanggap ing sasmita, mula Raden Janaka didhawuhi golek bantal. Ora suwe Raden Janaka ngaturake bantal rupa glendhingan sisa-sisa senjata perang sing wis ditinggal ing Kurusetra.

Bantal glendhingan senjata ditampa Resi Bisma. Sang Resi mesem bungah banget banjur matur nuwun marang Pandhawa. Sabubare kuwi Resi Bisma krasa ngelak kepingin ngunjuk. Prabu Duryudana age-age menehi unjukan anggur sing enak tur seger. Nanging Resi Bisma uga ora kersa ngunjuk. Raden Janaka banjur ngaturake unjukan banyu saka komborane jaran sing kanggo titihan ing perang. Resi Bisma age-age nicip. Sing pungkasan Resi Bisma njaluk payung agung.

Raden Werkudara tanggap ing sasmita banjur mbedhol wit. Weruh Raden Werkudara mbedhol wit gedhe, para Kurawa ngira ye Mula Kurawa banjur padha keplayu ninggalake Kurusetra. Nanging Raden Werkudara kanggo payung agung.

Bareng dipayungi wit ringin gedhe, Resi Bisma ngucapake Panuwun marang Pandawa lan paring pangestu muga-muga Pandhawa unggul ing yuda. Sabanjure Resi Bisma gugur kuwi Dewi Wara Srikandhi lan Pandhawa padha sungkem. Senadyan ta Resi Bisma Kuwi mungsuh ing paprangan, ananging kepriyea bae Resi Bisma kuwi isih sesembahane Pandhawa, mula padha asung pikurmatan.

C. Wangsulana ukara ing ngisor iki kanthi aksara B/S adhedhasar crita ing dhuwur!

1. Pasewakan kulawarga Pandhawa dianakake ing pesanggrahan pinggir Kurusetra ()
2. Raden Utara lan Raden Wratsangka putrane Pandhudewanata ()
3. Dewi Amba mati dening Dewabrata ()
4. Prabu Kresna ngutus Dewi Wara Srikandhi maju dadi senapati ()
5. Dewi Wara Srikandhi yaiku adhine Raden Janaka ()
6. Resi Bisma njaluk payung agung saka wit ringin ()
7. Resi Bisma seda dening Srikandhi ()
8. Resi Bisma kalebu senapatine Kurawa ()



C. Pasangna teges saka tembung ing ngisor iki!

1. Papan

Mati

2. Ngendika

Nginum

3. Palagan

Teka

4. Rawuh

Busur Panah

5. Gendewa

Seneng

6. Ngunjuk

Papan Perang

7. Bungah

Ngomong

8. Gugur

Tempat

